DIOCESE OF PALM BEACH
P.O. Box 109650
9995 North Military Trail,
Palm Beach Gardens, Florida 33410 - 9650
(561) 775-9595 | Fax (561) 775-7035
mjrodriguez@diocesepb.org

Office of The Diocesan Bishop

\
30 oktòb 2026

Chè sè ak frè nan Kris la:

Fen semèn kap vini an, 7/8 Novanm, yo pral ranmase lajan pou yon inisyativ nasyonal ki sipòte aktivite ki reflete ansèyman moral ak sosyal Katolik sou lavi moun ak diyite moun. Kanpay Katolik pou Devlopman Moun, se yon siy Legliz la ap viv apèl ki soti nan Labib la ak Tradisyon an pou bay yon atansyon espesyal ak priyorite pou bezwen moun k ap viv nan povrete. Sipò w pou koleksyon sa a pote chanjman nan kominote toupatou nan peyi a epi pèmèt moun ki malere yo transfòme katye yo epi tounen refleksyon Wayòm Bondye a.

Depi plis pase 50 ane, CCHD travay ak dyosèz yo ak evèk yo pou bay sibvansyon bay gwoup lokal ki gen revni fèb k ap travay pou fè fas ak kòz povrete yo. Nan ede pòv yo patisipe nan desizyon ak aksyon ki afekte lavi yo, CCHD ofri yon men leve, pa yon charite, men ede moun ak kominote yo simonte prejije epi bati pon solidarite.
Lè ou bay nan koleksyon sa a, ou fè yon enpak nasyonalman ak lakay ou, paske 25% nan kontribisyon ou rete nan pwòp dyosèz nou atravè charite Katolik. Konsa ou ede kominote w la bati sou eritaj siksè sa a pandan w ap ede rejyon yo atravè Etazini.

Avèk plis pase 250,000 moun nan dyosèz nou an ak 34.5 milyon moun nan tout peyi k ap viv nan povrete, sipò ou nan koleksyon sa a ka ede chanje lavi "pi piti nan mitan nou" (Matye 25). Èd finansye ou pou CCHD se yon zak solidarite ak frè ak sè k ap lite yo. Mèsi poutèt ou konsidere sipò pou kòz sa a merite.

Asire ou menm ak tout moun ou renmen ap kontinye nan menmwa mwen pandan selebrasyon ekaristik la, epi mwen rekòmande ensèsyon benediksyon LaVyèj Mari sou ou, ki se Rèn Apot yo, mwen rete

Sensèman nan Jezikri, Granmèt nou an,



Monseyè Manuel de Jesús Rodriguez, J.C.D.
Evèk nan Palm Beach